

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda mangrupa salasahiji pangajaran anu dianggap hésé jeung teu pikaresepeun utamana mah pikeun barudak SMA. Minat siswa kana pangajaran basa Sunda henteu sagedé minat siswa kana pangajaran séjénna. Ieu hal katiténan tina sababaraha artikel anu ngagambarkeun yén pangajaran basa Sunda dianggap teu penting lantaran dianggap hésé jeung teu pikaresepeun. Salian ti éta dumasar kana pangalaman kuliah problematika pangajaran basa Sunda, masalah-masalah anu aya dina pangajaran basa Sunda téh nyaéta siswa lolobana teu paham kana basana, matérina dianggap teu méré pangaruh langsung, jeung cara nepikeun matérina anu biasana ngan saukur ngajelaskeun atawa caramah.

Dina prosés pangajaran, waktu guru nyarita di hareupeun kelas hartina keur ngayakeun komunikasi sosial jeung parasiswa. Éta komunikasi sosial téh bakal karasa garing jeung rengkeng upama henteu diselapan ku humor. Éta sababna selingan humor bisa dipaké pikeun mikat sarta ngaronjatkeun minat siswa pikeun diajar.

Humor dina pangajaran mangrupa hal anu pikaresepeun siswa. Dina pangajaran basa, henteu ngan saukur ngahudang pikaseurieun, tapi ogé méré kontribusi kana suasana diajar anu pikaresepeun dibarung ku rasa percaya diri siswa. Sakumaha anu ditétélakeun ku Joseph Gatt (2002):

“Waktu pangajaran lumangsung, parasiswa anu ngan saukur ngeregepkeun guruna nyarita bisa jadi matak pikaboseneun, parasiswa kudu ngaregepkeun unggal kecap anu dikedalkeun ku guruna saolah-olah ngan méré kasempetan ka parasiswa pikeun ngambekan. Saenyana parasiswa ogé mikabutuh humor anu bisa diungkab tina sawatara sumber. Guru ogé perlu nepikeun humor dina waktu ngajar, anu bisa dimunculkeun saluyu jeung suasana prosés diajar-ngajar.”

Gambaran di luhur nétélakeun yén humor dina pangajaran miboga rupaning réaksi anu ngamuara kana gampangna siswa narima pangajaran. Humor mangrupa média pangajaran basa anu kawilang éféktif. Di lapangan, parasiswa boga

anggapan humor téh salasahiji aspék anu kudu dipiboga ku guru anu gedé ajénna (Sylvester 2001) sarta guru anu hadé nyaéta guru anu bisa ngéncérkeun karengkeng di kelas ku guguyon (Kenner). Humor-humor positif gedé mangpaatna pikeun ngaronjatkeun siswa nampa pangajaran (Walker 2002).

Humor gedé mangpaatna pikeun pangajaran basa, sakumaha anu ditétélakeun ku Sylwester (2001). Humor-humor positif miboga mangpaat:

1) Ngaronjatkeun gairah jeung kapercayaan diri.

Humor ngabantu murid anu éraan atawa sieunan pikeun ngarasa, yén manéhna téh bagéan tina kelas sarta milu aub jeung babaturan sakelasna, henteu ngarasa diéra-éra atawa dikucilkeun (Chiasson, 2002). Éta hal téh bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun sumanget diajar basa sarta gampang inget kana matéri anu geus diajarkeun.

2) Humor nyiptakeun atmosfer positif di kelas.

Sipat-sipat humor nu positif bisa nyiptakeun suasana jeung atmosfer positif di jero kelas, anu bisa jadi pangjurung laku ka siswa pikeun nyarita bari henteu ngarasa sieun jeung rengkeng. Suasana kelas anu positif jadi pangjurung laku siswa sangkan henteu sieun nyarita ngagunakeun basa Sunda, lantaran manéhna henteu sieun diécé atawa digeuhgeuykeun upama salah ngagunakeun basa.

Sanajan kitu, humor ogé bisa jadi henteu alus temahna upama anu ditepikeun téh humor négatif, saperti humor anu nyeungseurikeun kakurangan batur. Henteu sakabéh humor luyu jeung tahapan umur barudak. Sylwester (2001) nétélakeun:

“Guguyon anu sok disebut ‘sense of humour’ hiji guru, béda jeung ngageuhgeuykeun anu dianggap négatif. Éta sababna guguyon kudu ditepikeun ku cara anu positif dibarung ku rasa asih, nepi ka anu dipaké guguyon téh henteu ngarasa digeuhgeuykeun atawa diécé.”

Éta sababna perlu aya klasifikasina katut ugeranana ngeunaan humor anu luyu pikeun siswa, diluyukeun jeung tahapan kajiwaanana.

Dina ieu panalungtikan jenis humor anu dipaké téh nyaéta humor tékstual, dumasar kana anggapan yén parasiswa leuwih mikaresep kana humor anu

mangrupa carita tibatan jenis humor lianna (Shannon, 1993). Salian ti éta, humor-humor tekstual dina basa Sunda geus loba anu dibukukeun dibandingkeun jeung jenis-jenis humor lianna. Humor tékstual sacara wujudiahna mah mangrupa wacana. Pikeun kapentingan pangajaran di kelas, éta wacana téh dikedalkeun mangrupa paripolah komunikasi anu disebut polah ucap (Sudaryat, 2016). Éta sababna dina ieu panalungtikan dipuseurken kana polah ucap tina wacana humor anu geus sumebar di masarakat, utamana mah anu geus dibukukeun nyaéta buku kumpulan humor *Sabulangbéntor* karya Taufik Faturohman.

Basa Sunda kiwari geus diajarkeun di sakola dasar (SD) nepi ka sekolah menengah atas (SMA). Anu dianggap gedé tangtanganana nyaéta ngajarkeun basa Sunda di SMA. Éta sababna dina ieu panalungtikan anu dijadikeun tujuan panalungtikan téh murid SMA.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan anu judulan Polah Ucap Humoris dina Buku *Sabulangbéntor* karya Taufik Faturohman Pikeun Stratégi Pembelajaran Basa Sunda anu Humoris di SMA (Ulikan Pragmatik) perlu dilakukeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah, sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanna ku kituna perlu diwatesannan dina panalungtikanna. Ieu panalungtikan medar ngeunaan wanda jeung fungsi tindak tutur dina wacana humor, analisisna nyoko kana tilu wanda tindak tutur, nya éta lokusi, ilokusi jeung perlokusi sarta lima rupa wanda fungsi tindak tutur anu numutkeun Searle dina Chaer (2010: 29), nya éta: fungsi asértif atawa répréséntatif, fungsi diréktif, fungsi éksprésif, fungsi komisif jeung fungsi déklarasi, dina buku *Sabulangbéntor* karya Taufik Faturohman.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Humor téh lega ambahanana, ngawengku humor tékstual, humor gambar, humor kagiatan, jeung humor verbal. Kitu deui jeung pangajaran basa Sunda di

sakola, anu ngawengku sakola dasar (SD), sakola menengah pertama (SMP), jeung SMA. Sangkan ieu panalungtikan téh henteu lega teuing ambahanana, diwatesanan ngan museur kana polah ucap humor tékstual, nyoko kana wanda jeung wujud polah ucap anu aya dina buku *Sabulangbéntor* karya Taufik Faturohman pikeun pangajaran di SMA.

Dumasar kana pedaran di luhur, aya sawatara masalah anu jadi poko dina ieu panalungtikan. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Kumaha jejer humor dina buku *Sabulangbéntor*?
- b. Kumaha wanda jeung wujud polah ucap dina buku *Sabulangbéntor*?
- c. Kumaha polah ucap dina buku *Sabulangbéntor* dipaké strategi pembelajaran basa Sunda anu humor di SMA?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu geus disebutkeun di luhur, tujuan ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. jejer humor anu aya dina buku *Sabulangbéntor*;
- b. wanda jeung wujud polah ucap anu aya dina buku *Sabulangbéntor*; jeung
- c. carana ngamangpaatkeun polah ucap dina buku *Sabulangbéntor* pikeun strategi pembelajaran basa Sunda di SMA.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu macana, katut jadi salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan nu aya pakaitna jeung panalungtikan anu medar katata basa.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- a. Siswa, méré pangaweruh ngeunaan maksud jeung udagan nu aya dina unggal caritaan

Rega Mahardika, 2017  
**POLAH UCAP HUMORIS DINA BUKU SABULANGBÉNTOR**  
**KARYA TAUFIK FATUROHMAN**  
**PIKEUN STRATÉGI PANGAJARAN ANU HUMORIS DI SMA**  
*(Ulukan Pragmatik)*

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Panalungtik, sangkan méré pangaweruh dina widang katatabasaan, hususna dina analisis pragmatik
- c. Lembaga, salaku dokumentasi ngeunaan pamalungtikan katata basa
- d. Umum, méré pangaweruh ngeunaan polah ucap nu aya dina buku *Sabulangbentor* karya Taufik Faturahman

### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu tesis ngawengku lima bab. Bab I bubuka, eusina ngajéntrékeun kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan. Bab II ulikan pustaka, eusina ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Bab III métodologi panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, metode panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan jeung instrumen panalungtikan. Bab IV Hasil panalungtikan ngeunaan analisis polah ucap nu aya dina buku *Sabulangbentor*. Bab V kacindekan jeung implikasi tina hasil panalungtikan katut saran ti panalungtik ngeunaan hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikian ka hareupna.